



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 10 fevriye 2015

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AIRTRAIN JFK BAT GWO REKO 6.4 MILYON PASAJE AN NAN LANE 2014 LA

Kwasans Rapid Kap Fèt nan Kantite Pasaje te Lakòz yon Ogmantasyon Prèske 250 Pousan Pasaje Depi Lane 2004

Kwasans AirTrain JFK Bay yon Apèsi Potansyèl Kantite Pasaje sou Pwopozisyon AirTrain LGA

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse nan lane 2014 AirTrain JFK bat 10yèm rekò kantite pasaje li a chak ane youn dèyè lòt li, kote li rive a peprè 6.5 milyon pasaje – yon ogmantasyon 250 pousan depi li liy tren ayewopò pou fè ale retou nan estasyon Jamaica ak Howard Beach MTA yo te fè kòmanse fonksyone pandan tout lane nan lane 2004.

“AirTrain JFK montre non sèlman li se youn nan manyè pi konvab ak abòdab pou fè ale retou nan ayewopò a, men tou youn nan manyè yo plis renmen,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Envestisman yo nou te fè nan AirTrain JFK pèmèt plis pasaje itilize ayewopò nou yo, epi mwen rete kwè nou pral wè menm rannman an sou envestisman nan AirTrain LGA.”

“Port Authority finanse vizyon Gouvènè Cuomo a pou l fè vwayaj ale retou nan Ayewopò LaGuardia vin pi fasil ak aksè nan tren an,” te deklare Direktè Egzekitif Port Authority a, Pat Foye. “AirTrain JFK pou anpil nan kwasans Kennedy Airport la sou dis lane ki fenk pase yo, epi nou kwè yon AirTrain LGA pral fè menm bagay la pou LaGuardia.”

Total kantite pasaje sou AirTrain JFK nan lane 2014 te 6.487.118, yon ogmantasyon 8 pousan brid sou kou parapòt ak total 2013 yo sèlman. Mete sou sa, plis pase 10 milyon pasaje ak anwaye ayewopò te itilize sèvis la pou vwayaje ant zòn tèminal avyon, paking, bis navèt otèl ak biwo lokasyon machin. AirTrain JFK te kòmanse bay sèvis nan fen lane 2003, epi nan lane 2004 li te gen yon total 2.623.791 pasaje ki peye.

Dènye rekò liy tren an vini lè Gouvènè Cuomo te pwopoze yon AirTrain LGA ki tap premye liy tren nan Ayewopò LaGuardia ki gen 75 lane, kap ofri yon koneksyon ki soti nan liy sobwe No 7 vil la Ak Long Island

Raiload. LaGuardia te anrejistre yon rekò ak 26.9 milyon pasaje nan lane 2014 epi tout siy yo montre kwasans pasaje anlè ap kontinye nan LGA pou plizyè dizenn lane kap vini yo. Gouvènè Cuomo mande Port Authority ak MTA pou yo travay nan tèt kole sou devlopman yon AirTrain LGA, epi Direktè Egzekitif Foye ansanm ak Prezidan MTA ak CEP Thomas Prendergast pwomèt sipò yo.

Sondaj Port Authority montre taksi se prensipal mwayen transpò pou vwayajè kap fè ale retou nan LaGuardia, ak 46 pousan pasaje kap vini ak ale ap ran taksi lane pase. Chif sa monte rive 60 pousan lè limouzin ak taksi pou lavil si rantrè nan kantite itilizasyon taksi a. Wout otobis exprès Q70 la ki vin ajoute nan LaGuardia te ede tabli yon rekò ayewopò pou vwayaj nan otobis, ak 9 pousan pasaje LaGuardia kap vwayaje nan otobis pou ale oswa kite ayewopò.

JFK te wè yon rekò yo evalye nan 53.2 milyon pasaje nan lane 2014, ak 12 pousan (6.4 milyon) pasaje kap itilize AirTrain JFK. Chif sa yo te monte nan 50.4 milyon pasaje ak 6 milyon pasaje AirTrain JFK nan lane 2013 youn apre lòt.

AirTrain JFK te double premye reidershipè foul year 2004 li nan 2.6 milyon pasaje rive nan 5.2 milyon pasaje nan lane 2009 sèlman senk lane apre.

Ansanm, ayewopò Port Authority yo se youn nan gwo motè ekonomik rejyon an, kap sipòte plis pase 550.000 dyòb, anviwon \$80 milya nan aktivite ekonomik chak ane ak plis pase \$28 milya nan salè chak ane. Plis pase \$8 milya nan envestisman Port Authority sèlman ale nan ayewopò ajans lan nan bidjè kapital pou kounye a, ak avyon yo ak lòt konpayi ki pare pou envesti plizyè lòt milya.

Ogmantasyon san rete nan nonm pasaje abouti nan kwasans ekonomik rejyon: yon \$4.000 dyòb apeprè an plis ak 700 milyon nan benefis ekonomik reyalize nenpòt lè yon lòt milyon pasaje anlè itilize ayewopò ajans lan.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov

Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418